

Learning About Housing For Your Adult Family Member With Disabilities

Autism Housing Pathways



November, 2017

Copyright © 2017 Autism Housing
Pathways, Inc. – All Rights
Reserved

Aprann sou lojman pou manm fanmi adilt ou a ki gen andikap

-- Autism Housing Pathways (Chemen lojman pou moun ki souffri otis)

Novanm 2017

Dwa dotè © 2017 Autism Housing Pathways, Inc. – Tout dwa rezève



Funded through a grant from the
Massachusetts Developmental Disabilities Council
U.S. Department of Health and Human Services
Administration on Intellectual and Developmental Disabilities
Federal Award No. 93.630

www.autismhousingpathways.org

2

Li te jwenn finansman nan men Komite pou Andikap nan
Devlopman nan Massachusetts (Massachusetts Developmental
Disabilities Council)
Depatman Lasante ak Sèvis pou Moun nan Etazini (U.S.
Department of Health and Human Services)
Administrasyon sou Andikap entèlektyèl ak nan Devlopman
(Administration on Intellectual and Developmental Disabilities)
Nimewo prim federal : 93.630

Isn't there a happy ending?

“Books ought to have good endings. How would this do: *and they all settled down and lived together happily ever after?*”

‘Ah!’ said Sam. ‘And where will they live? That’s what I often wonder.’”

- J.R.R. Tolkien

- 81% of young adults 19-30 with autism live with parents or guardians
- 67% of adults with disabilities aren't working
- 80 - 90% of adults with autism aren't working

(Easter Seals, 2008)

www.autismhousingpathways.org

3

Èske pa gen kè kontan nan fen an ?

“Liv yo ta dwe gen bon fen. Kòman sa ta ye : epi yo tout te estabilize lavi yo ak viv ansanm ak kè kontan pou tout rès lavi yo apre ?”

‘Ah !’ Sam te di. ‘Epi ki kote yo pral rete ? Se sa mwen mande m souvan.’”

- J.R.R. Tolkien

- 81% jèn adilt ki gen ant 19 a 30 an ki gen otis ap viv avèk paran yo oswa titè yo
- 67% nan adilt ki gen andikap yo pap travay
- 80 a 90% nan adilt ki gen otis yo pap travay

Sous : Easter Seals, 2008

Won't my family member go into a group home?

- Adult services are not an entitlement
- 927 individuals who turned 22 in FY17 were served by the Department of Developmental Services (DDS); it is estimated about 40% - 50% had autism
- Only about 270 of the Turning 22 class received Community Based Residential Services (CBRS). CBRS includes:
 - Group homes
 - Shared Living, where a caregiver receives a stipend from DDS to live with a person with a disability (usually in the caregiver's home, but sometimes in the home of the person with a disability)
 - People living with a caregiver funded by MassHealth, who also receive 30 or more wrap-around hours a week from DDS

www.autismhousingpathways.org

4

Èske manm fanmi m nan pral nan yon kay kote plizyè moun ki gen bezwen espesyal ret ansanm ?

- Sèvis pou adilt yo se pa dwa otomatik.
- [Depatman Sèvis Devlopman (DDS)] te sèvi 927 moun ki te vin gen 22 an nan ane fiskal 2017 la ; yo estime gen apeprè 40% - 50% ladan yo ki te gen otis
- Se sèlman apeprè 270 nan gwoup moun ki te vin 22 an (Turning 22) yo ki te resevwa Sèvis lojman kominotè [Community Based Residential Services (CBRS)] yo. Pami CBRS yo, nou jwenn :
 - Kay kote plizyè moun ki gen bezwen espesyal ret ansanm
 - Lojman an komen kay yon fanmi (Shared Living), kote yon moun k ap bay swen resevwa yon gratifikasyon nan men DDS pou l abite avèk yon moun ki gen yon andikap (an jeneral nan kay moun k ap bay swen an, men pafwa nan kay moun ki gen andikap la)
 - Moun ki abite avèk yon moun k ap bay swen ki resevwa lajan nan men MassHealth la, ki resevwa tou 30 oswa plis èdtan pa semèn nan men DDS pou sèvis pou jèn moun ki gen pwoblèm grav ak konplèks

Who receives Community Based Residential Services?

- Historically, 25–30% of those receiving residential supports have no family involvement.
- For those with family involvement, DDS uses a “health and safety” criteria; if the person is living in the family home, and DDS feels they are healthy and safe there, DDS won’t fund CBRS, other than some “family support” hours.

Ki moun ki resevwa sèvis lojman kominotè ?

- Istorikman, 25-30% nan moun ki resevwa soutyen rezidansyèl pa gen fanmi ki enplike nan swen yo.
- Pou moun ki gen fanmi ki enplike nan swen yo, DDS itilize yon kritè "sante ak sekirite" ; si moun nan abite nan kay fanmi an, epi DDS santi yo an sante e an sekirite, DDS pap bay CBRS lajan, apa kèk èdtan pou "soutyen fanmi".

Who receives Community Based Residential Services (2)?

- Health and safety is a three-pronged test:
 - The family's ability to provide care
 - Examples of someone receiving CBRS include a mother who is legally blind, a parent with a bad back who can't provide care to someone in a wheelchair, etc.
 - The needs of the individual
 - Examples of someone receiving CBRS include individuals with aggression, self-injurious behavior, and pica (eating garbage)
 - The judgment of the DDS person doing the assessment
- If your child is offered housing at 22 and you turn it down, you may not be offered it again until the family is unable to provide care

www.autismhousingpathways.org

6

Ki moun ki resevwa sèvis rezidansyèl kominotè (2) ?

- Sante ak sekirite se yon tès ki gen twa volè :
 - Kapasite fanmi an genyen pou l bay swen
 - Men kèk egzanp yon moun k ap resevwa CBRS : yon manman ki legalman avèg, yon paran ki gen yon pwoblèm nan do ki pa ka bay yon moun ki sou yon chèz woulant swen, elatriye
 - Bezwen moun nan
 - Men kèk egzanp sou yon moun k ap resevwa CBRS : moun ki agresif, k ap fè tèt li mal, ak pica (manje fatra)
 - Jijman moun nan DDS la k ap fè evalyasyon an
- Si yo ofri pitit ou a kay lè l gen 22 an epi w pa pran l, yo ka pa janm ofri l li ankò jiskaske fanmi an vin pa anmezi pou ba l swen

What about that group home?

- About 40% of those receiving CBRS live in a group home, and about 20% live in Shared Living
- DDS wants to serve more people in Shared Living, and fewer in group homes
- DDS does **NOT** fund the housing expenses in Shared Living
- People without an intellectual disability are not currently eligible for either a group home or Shared Living.
 - If they live in homes of their own and need less than 24/7 care, they may be able to receive individual support hours. Otherwise, they are eligible for family supports.
 - DDS will not fund the housing, except possibly if the person has no family involvement

Most families will need to face the challenge of finding or creating housing

www.autismhousingpathways.org

7

E konsènan kay kote plizyè moun ki gen bezwen espesyal ret ansanm ?

- Apeprè 40% nan moun k ap resevwa CBRS yo abite nan yon kay kote plizyè moun ki gen bezwen espesyal ret ansanm, epi apeprè 20% ap viv an komen ak yon fanmi
- DDS vle sèvi plis moun ki abite an komen ak yon fanmi, ak mwens moun ki abite nan yon kay kote plizyè moun ki gen bezwen espesyal ret ansanm
- DDS **PA** peye pou depans pou lojman nan lojman an komen yo
- Moun yo ki pa gen yon andikap entèlektyèl yo pa kalifye kounye a ni pou yon kay kote plizyè moun ki gen bezwen espesyal ret ansanm ni pou pou abite an komen ak yon fanmi.
 - Si yo abite nan pwòp kay yo epi yo bezwen swen mwens pase 24 èdtan pa jou ak 7 jou pa semèn, yo ka petèt voye moun ede yo pandan kèd èdtan. Sinon, y ap kalifye pou soutyen famiyal.
 - DDS pap peye pou kay la, sòf si fanmi moun nan pa enplike nan swen l.

⇒ Pifò fanmi yo ap oblije degaje yo swa pou yo jwenn yon lojman oswa kreye yon lojman

The Good News: Separation of Housing From Services is Best Practice

- Finding housing is challenging, but can lead to better outcomes
 - Individuals can choose with whom they live
 - If the service provider is a poor fit, the individual can change providers without moving
 - If a live-in caregiver quits, the caregiver leaves, not the person with a disability

www.autismhousingpathways.org

8

Men bon nouvèl la : Separasyon ant lojman ak sèvis yo se pi bon pratik la

- Jwenn kay difisil, men sa ka abouti a pi bon rezilta
 - Moun yo ka chwazi ak kiyès pou yo viv
 - Si moun k ap bay sèvis la pa bon pou moun k ap resevwa sèvis la, moun k ap resevwa sèvis la ka chanje moun k ap bay sèvis la san l pa kite kay li rete a
 - Si yon moun k ap bay yon moun swen epi ki abite avè l kite, moun k ap bay swen an prale, men moun ki gen andikap la pa prale

Don't Panic! Plan*

- Learn the Housing Equation
 - Rules govern which government programs can be combined, which can't, what they can be used for and where
- Develop a housing strategy that you can implement over time; 5-10 years is not uncommon
 - At 18, start taking concrete steps
 - Don't wait until you're ready for your family member to move out – because when you start taking steps is when the 5-10 year clock starts!
- Develop assets (before 18, if possible!)
- Develop your family member's skills

* Nothing here constitutes legal, financial or real estate advice


www.autismhousingpathways.org

9

Pa panike ! Fè planifikasyon*

- Aprann ekwasyon lojman an
 - Gen règleman ki etabli ki pwogram gouvènman an genyen ki ka konbine, kilès ki pa ka konbine, poukisa ak ki kote yo ka itilize yo
- Devlope yon estrateji pou lojman w ap ka aplike alalong ; 5-10 ane se pa yon bagay ki ra
 - A 18 an, kòmanse pran etap konkrè
 - Pa ret tann jiskaske w prè pou manm fanmi w nan kite kay la – paske lè w kòmanse fè demach yo se lè sa a kwonomèt 5-10 ane a kòmanse !
- Devlope byen yo (anvan 18 an, si l posib !)
- Devlope konpetans manm fanmi w nan

The housing equation



- Supportive services almost always cost more than bricks and mortar expenses
- Don't forget this doesn't include spending money, transportation, etc.


www.autismhousingpathways.org

10

Ekwasyon lojman an

Depans pou lojman + Manje + Sèvis soutyen = Lojman

- Sèvis soutyen yo prèske toujou koute plis pase depans pou brik ak mòtye
- Pa bliye sa pa gen ladan lajan w ap depanse, lajan pou transpò, elatriye



Depans pou lojman :

- SSI
- SSDI
- Section 8
- Lòt "lojman a pri abòdab"
- DDS
- DMH*
- Èd nan domèn enèji / sèvis piblik (elektrisite, gaz, elatriye)
- Resous prive


Manje :

- SSI
- SSDI
- Koupon alimantè [Food stamps (SNAP oswa Bay State CAP)]
- DDS
- DMH*
- Resous prive

Sèvis soutyen :

- SSI
- SSDI
- MassHealth (Medicaid)
- DDS
- DMH*
- Resous prive

* An pratik se raman moun ki souffri otis gen aksè a DMH



Yo ka itilize SSI, SSDI, DDS, ak DMH pou lojman, manje, ak sèvis soutyen. Yo ka SÈLMAN itilize lòt sous finansman yo pou kolòn yo parèt anba l la.

The Big 4: SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

• Supplemental Security Income (SSI)

- Must be elderly, blind, or disabled, extremely low income (<\$1,337/month in 2017) and <\$2,000 in assets
- \$577-\$1,189/month, depending on living situation
 - \$1,189 in licensed assisted living
 - \$849 living alone
 - \$765 sharing expenses equally or in a group home
 - \$577 in the home of another where not sharing expenses equally
- Some is paid by the Social Security Administration, the rest by the state
- No penalty for \$65/month earned income, and \$20/month unearned
 - More income means benefit cuts of 50 cents on the dollar
 - The maximum reduction is 50% of the federal payment, plus \$20

www.autismhousingpathways.org

13

4 gwo sèvis yo : SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

• Revni siplemantè sekirite sosyal [Supplemental Security Income (SSI)]

- Fòk ou se yon granmoun, ou avèg, oswa w gen yon andikap, ou gen yon revni ki ba anpil (pi piti pase 1.337 \$ pa mwa an 2017) epi byen w yo pi piti pase 2.000 \$
- 577 \$ - 1.189 \$ pa mwa, tou depann de kondisyon lojman w
 - 1.189 \$ nan yon rezidans pou moun ki depandan
 - 849 \$ si w ap viv pou kont ou
 - 765 \$ si w ap pataje depans yo egal ego oswa w nan yon kay kote plizyè moun ki gen bezwen espesyal ret ansanm
 - 577 \$ lakay yon lòt moun kote w pap pataje depans yo egal ego
- Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration) peye yon pati ladan l, eta a peye rès la
- Pa gen penalite pou yon moun k ap touche 65 \$ pa mwa nan travay li, ak pou yon moun ki gen yon revni 20 \$ pa mwa ki pa salè l
 - Fè plis lajan vle di y ap koupe alokasyon yo a 50 santim pou yon dola
 - Rediksyon maksimòm nan se 50% nan peman federal la, plis 20 \$

The Big 4: SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

- SSI (continued)
 - Makes you automatically eligible for MassHealth Standard
 - Apply for SSI as an adult at 18
 - If a MassHealth card doesn't come in the mail after a person is approved for SSI, call MassHealth.
 - If they ask you to complete a MassHealth application, ask to speak with a supervisor – tell the supervisor your adult child is on SSI
 - Completing a MassHealth application could cause problems; normally, people apply for MassHealth as adults at 19, but people on SSI should receive it automatically at 18.

www.autismhousingpathways.org

14

4 gwo sèvis yo : SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

• SSI (k ap kontinye)

- Si yon moun gen SSI, l ap otomatikman kalifye pou MassHealth estanda (MassHealth Standard).
- Aplike pou SSI kòm adilt lè w gen 18 an
 - Si yon moun pa resevwa MassHealth li pa lapòs apre l fin apwouve pou SSI, rele MassHealth.
 - Si yo mande w pou w ranpli yon aplikasyon MassHealth, mande pou w pale ak yon sipèvizè – di sipèvizè a pitit ou a ki se yon adilt gen SSI
 - Ranpli yon aplikasyon MassHealth ta ka bay pwoblèm ; nòmalman, moun aplike pou MassHealth kòm adilt lè yo gen 19 an, men moun ki gen SSI ta dwe resevwa l otomatikman lè yo gen 18 an.

The Big 4: SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

- **Social Security Disability Insurance (SSDI)**
 - Based on the work history of the individual OR of the parent, if the person is a "Disabled Adult Child" (disability present before age 22)
 - If based on parent's history, benefits begin when parent retires, becomes disabled, or dies
 - May pay more than SSI (depending upon parent's work history)
 - If it pays less, the person gets enough SSI to make up the difference
 - No limit on savings, assets or unearned income, but the person can't earn more than \$1,170/month (in 2017)

www.autismhousingpathways.org

15

4 gwo sèvis yo : SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

- **Asirans pou andikap sekirite sosyal la [Social Security Disability Insurance (SSDI)]**
 - Li baze sou istwa travay moun nan OSWA paran an, si moun nan se "pitit yon adilt ki gen yon andikap" (li gen andikap la anvan l gen 22 an)
 - Si l baze sou istwa paran an, alokasyon yo ap kòmanse lè paran an pran retrèt, lè l vin gen yon andikap, oswa lè l mouri
 - Li ka peye plis pase SSI (tou depann de istwa travay paran an)
 - Si l peye mwens, moun nan gen ase SSI pou kouvri diferans lan
 - Pa gen limit nan lajan w ekonomize, nan byen w ka genyen oswa nan revni ki pa salè w, men moun nan pa ka ap touche plis pase 1.170 \$ pa mwa (an 2017)

The Big 4: SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

- SSDI and health insurance

- SSDI makes you eligible for Medicare after 2 years, NOT MassHealth (Medicaid)
- MassHealth is the main way to pay for long-term services and supports
- If the SSDI payment is above the MassHealth income limit, the person could lose their MassHealth
 - An exception: Won't lose MassHealth if moving from SSI (as an adult) to SSDI is the only reason the income went too high
 - Don't retire until your child is getting SSI as an adult, if you have a strong earning history

www.autismhousingpathways.org

16

4 gwo sèvis yo : SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

- SSDI ak asirans lasante

- SSDI ap fè w kalifye pou Medicare apre 2 an, PA MassHealth (Medicaid)
- MassHealth se mwayen prensipal pou moun peye pou sèvis ak soutyen alontèm.
- Si paman SSDI la pi wo pase limit revni MassHealth la, moun nan ka pèdi MassHealth li
 - Yon eksepsyon : Ou pap pèdi MassHealth la si w kite SSI (kòm yon adilt) pou w pran SSDI se sèlman rezon ki fè revni an te twò wo a
 - Pa pran retrèt ou pazavan pitit ou a kòmanse ap resevwa SSI kòm yon adilt, si w ap touche yon gwo salè depi lontan

The Big 4: SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

• SSDI and CommonHealth

- Those who lose MassHealth may qualify for CommonHealth; it can also be used to pay for long-term services and supports
- May need to pay a premium, based on income
- Qualify based on own income at 19
- Must meet one of the following to qualify:
 - Working 40 hours a month
 - Meeting a one-time deductible
 - Show medical expenses not covered by insurance in a 6 month period above a certain amount: (Gross monthly income minus \$542) x 6
 - Being HIV positive and having a household income of 200% or less of the Federal Poverty Limit

www.autismhousingpathways.org

17

4 gwo sèvis yo : SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

• SSDI ak CommonHealth

- Moun ki pèdi MassHealth yo ka kalifye pou CommonHealth ; yo ka itilize l tou pou peye pou sèvis ak soutyen alontèm yo
- Ou ka oblije peye yon prim k ap baze sou revni w
- Kalifikasyon w ap baze sou pwòp revni w lè w gen 19 an
- Ou dwe reponn a youn nan sa yo pou w ka kalifye :
 - W ap travay 40 èdtan pa mwa
 - Peye yon dediktib yon sèl fwa
 - Montre asirans pa t kouvri depans medikal yo nan yon peryòd 6 mwa pi wo pase yon sèten kantite : (Revni mansyèl brit mwens 542 \$) x 6
 - Ou gen viris maladi sida a epi revni fanmi an 200% oswa mwens Limit povrete federal la

Emergency Aid to the Elderly, Disabled, and Children (EAEDC):
A cash benefit for those who don't qualify for SSI or SSDI

- Qualify if:
 - Disabled,
 - Caring for someone who is severely disabled,
 - 65 years old or older, or
 - Getting training from a Massachusetts Rehabilitation Commission program.
- Payment rates:
 - Single person with shelter costs: \$303.70
 - Each person in a married couple: \$202.50
 - Homeless: \$92.80
 - Rest home resident: \$72.80

www.autismhousingpathways.org

18

Èd dijans pou moun aje, moun ki andikape, ak timoun [Emergency Assistance for the Elderly, Disabled and Children (EAEDC)] : Yon alokasyon kach pou moun ki pa kalifye pou SSI oswa SSDI

- W ap kalifye si :
 - W gen yon andikap,
 - W ap pran swen yon moun ki gravman andikape,
 - W gen 65 an oswa pi gran, oswa
 - W ap resevwa fòmasyon nan yon pwogram Komisyon Readaptasyon (Massachusetts Rehabilitation Commission) nan Massachusetts.
- Nivo peman yo :
 - Pou selibatè ak depans pou lojman : 303,70 \$
 - Pou chak moun nan yon koup marye : 202,50 \$
 - Pou yon sanzabri: 92,80 \$
 - Pou rezidan nan yon mezon retrèt 72,80 \$

The Big 4: SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

- Section 8 – a portable voucher
 - Individual pays 30% of income in rent to landlord; the balance is paid to the landlord with funds from the US Dept. of Housing and Urban Development
 - Will not affect SSI or MassHealth benefits
 - Can be a 10-12 year wait
 - Can apply at 18
 - May only have 60 days to use it, but can usually get an extension for a person with a disability (120 days total)
 - A person with a disability can receive a two-bedroom voucher if they need an aide to live with them – but the aide cannot be a close family member (a cousin might be OK)
 - Having a family member be the landlord can be permitted as a reasonable accommodation for disability, but the person renting must live in a legal, separate unit
 - “18? Section 8!”: a video and website to help you through the process (www.18section8.org)

www.autismhousingpathways.org

19

4 gwo sèvis yo : SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

• Section 8 – yon kupon pòtab

- Endividi a peye mèt kay la 30% nan revni l ; Depatman Lojman ak Devlopman Iben nan Etazini (US Dept. of Housing and Urban Development) ap peye mèt kay la rès lajan an.
- Li pap afekte alokasyon SSI oswa MassHealth yo
- Ou ka ret tann 10-12 an pou w jwenn li
- Ou ka aplike lè w gen 18 an
- Ou ka gen sèlman 60 jou pou w itilize l, men an jeneral ou ka jwenn yon ekstansyon si w se yon moun ki gen yon andikap (total 120 jou)
- Yon moun ki gen yon andikap ka resevwa yon bon pou de chanm a kouche si l bezwen yon asistan pou abite avè l – men asistan an pa ka yon manm fanmi pwòch (li ta ka pa yon pwoblèm pou yon kouzen / kouzin)
- Yo ka pèmèt pwopriyetè kay la se yon manm fanmi an nan kad yon aranjman rezonab pou yon moun ki gen yon andikap, men moun ki lwe kay la dwe rete nan yon apatman apa, ki legal
- “18 ? Section 8 !”: Yon videyo ak sit entènèt pou ede w atravè pwosesis la (www.18section8.org)

The Big 4: SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

- Three ways to apply for Section 8
 - The Centralized Waiting List
 - Apply online (<http://www.section8listmass.org/>)
 - Login annually to update application and make any changes to prevent being taken off the list
 - Make sure they have an up to date address
 - The Department of Housing and Community Development (DHCD) Housing Choice Voucher Program (HCVP) Section 8 list (also called the regional non-profit list)
 - Fill out a paper application and mail it or hand carry it to the non-profit serving your area (Metropolitan Boston Housing Partnership serves Boston) (<http://www.mass.gov/hed/economic/eohed/dhcd/rental-applications-and-documentation.html>)
 - Contact them annually to update application and make any changes to prevent being taken off the list
 - Make sure they have an up to date address
 - Housing authorities that have vouchers, but don't participate in the Centralized Waiting List
 - The list includes Boston and Cambridge
 - <http://18section8.org/wp-content/uploads/2017/04/Additional-sources-of-Section-8-vouchers2017.pdf>

www.autismhousingpathways.org

20

4 gwo sèvis yo : SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

• Twa mwayen pou yon moun aplike pou Section 8

- Lis datant santralize (Centralized Waiting List) a
 - Aplike sou entènèt (<http://www.section8listmass.org/>)
 - Konekte chak ane pou w mete aplikasyon w nan ajou ak pou w fè nenpòt chanjman pou anpeche yo retire w nan lis la
 - Asire w adrès yo gen pou ou a ajou
- Lis Section 8 Pwogram Bon pou Chwa Kay [Housing Choice Voucher Program (HCVP)] Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè [Department of Housing and Community Development (DHCD)] a (yo rele l tou lis ajans ki pa la pou fè pwofi nan rejyon an)
 - Ranpli yon aplikasyon sou papye epi voye l pa lapòs oswa pote l ale nan ajans ki pa la pou fè pwofi k ap sèvi zòn ou an (Metropolitan Boston Partnership Housing sèvi Boston) (<http://www.mass.gov/hed/economic/eohed/dhcd/rental-applications-and-documentation.html>)
 - Kontakte yo chak ane pou w mete aplikasyon w nan ajou ak pou w fè nenpòt chanjman pou anpeche yo retire w nan lis la
 - Asire w adrès yo gen pou ou a ajou
- Otorite Lojman yo ki gen bon, men ki pa patisipe nan Lis datant santralize
 - Lis la gen ladan l Boston ak Cambridge
 - <http://18section8.org/wp-content/uploads/2017/04/Additional-sources-of-Section-8-vouchers2017.pdf>

Project-based Section 8

- Another type of Section 8
- The voucher belongs to a specific address and is NOT portable
- Waiting lists may be much shorter
- Living in project-based Section 8 for a year can move someone to the top of the portable Section 8 voucher waiting list
- A person with a disability can receive a two-bedroom voucher if they need an aide to live with them – but the aide cannot be a close family member

Section 8 ki pou yon lojman piblik espesifik

- Yon lòt tip Section 8
- Bon an se pou yon adrès espesifik epi li PA pòtab
- Lis datant yo ka pi kout anpil
- Si yon moun abite nan Section 8 ki pou yon lojman piblik espesifik pandan yon ane, sa ka fè l monte nan tèt lis datant bon Section 8 pòtab la
- Yon moun ki gen yon andikap ka resevwa yon bon pou de chanm a kouche si l bezwen yon asistan pou abite avè l – men asistan an pa ka yon manm fanmi pwòch

The Big 4: SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

- MassHealth ***is*** Medicaid
- Medicaid “State Plan Services” are the main way to pay for long-term services and supports
 - An entitlement, meaning there are no waiting lists
 - Both MassHealth Standard and CommonHealth members can use state plan services
 - State plan residential services include Group Adult Foster Care, Adult Foster (or Family) Care, and Personal Care Attendant services
 - May ***not*** be used to pay for housing
 - Follow events in Washington, D.C. – “block granting” or “capitation” of Medicaid would mean waiting lists for state plan services

www.autismhousingpathways.org

22

4 gwo sèvis yo : SSI, SSDI, Section 8, MassHealth

- MassHealth ***se*** Medicaid
- “Sèvis plan asirans pou eta a” Medicaid genyen yo se mwayen prensipal pou moun peye pou sèvis ak soutyen alontèm.
 - Yon dwa otomatik, sa vle di pa gen lis datant
 - Ni manm MassHealth Standard ni manm CommonHealth ka itilize sèvis plan eta yo
 - Pami sèvis rezidansyèl plan eta yo, nou jwenn Swen fanmi dakèy pou plizyè adilt (Group Adult Foster Care), Swen fanmi dakèy (oswa familyal) pou adilt (Adult Foster Care), ak sèvis kote yon asistan ap bay swen pèsonèl
 - Ou ***pa*** ka itilize yo pou w peye pou lojman
 - Swiv evenman yo Washington, D.C. – “sibvansyon” oswa “kapitasyon” Medicaid ta vle di lis datant pou sèvis plan eta yo

Group Adult Foster Care (GAFC)

- Available at age 22
- May be used in either subsidized housing or assisted living settings served by a GAFC organization
- Must need at least prompting with one or more activities of daily living (ADLs): toileting, bathing, dressing, eating, mobility, transferring in or out of a wheelchair
- Maximum 3 residents "per unit" (unit must have at least one bedroom and one bathroom)
- Funding worth \$14,720 per person per year (@ \$1,227/month)
- At least 1 caregiver per 10 residents
- Residents may not be aggressive or self-injurious
- "Emergency service" must be available 24/7
- Supposed to cover 14 hours per person per week.

www.autismhousingpathways.org

23

Swen fanmi dakèy pou plizyè adilt [Group Adult Foster Care (GAFC)]

- Li disponib a 22 an
- Yo ka itilize l swa pou lojman ki jwenn sibvansyon swa nan rezidans pou moun ki depandan yon òganizasyon GAFC ap sèvi
- Moun nan dwe bezwen èd pou l fè youn oswa plis nan aktivite nan lavi kotidyèn yo (an anglè ADLs) : twalèt, benyen, abiye, manje, mobilite, transfere sot sou yon chèz woulant oswa al chita sou yon chèz woulant
- Maksimòm 3 rezidan "pa apatman" (apatman an dwe gen pou piti yon chanm ak yon twalèt)
- Finansman ki vo 14.720 \$ pou yon moun pa ane (a 1.227 \$ pa mwa)
- Pou pi piti 1 moun k ap bay swen pou 10 rezidan
- Rezidan yo pa ta dwe agresif oswa ap fè tèt yo mal
- Dwe gen "sèvis dijans" 24 èdtan pa jou ak 7 jou pa semèn
- Li sipoze kouvri 14 èdtan pou yon moun pa semèn.

Adult Foster Care (AFC)

- Available at 16
- A provider cares for up to three adults with disabilities either in the provider's home or in the home of the person(s) with disabilities
 - The person with disabilities may need to pay room and board if the home belongs to the provider
 - If the provider lives in the home of the person with disabilities:
 - The stipend is tax-free only if the provider is paying rent
 - The provider must receive enough compensation to equal the minimum wage, with overtime over 40 hours/week (value of any free rent counts as pay; 5+ hours of continuous sleep don't count as work) – may need 3 adults with disabilities to cover cost

www.autismhousingpathways.org

24

Swen fanmi dakèy pou adilt [Adult Foster Care (AFC)]

- Disponib a 16 an
- Yon moun k ap bay swen ap okipe jiska twa adilt ki gen andikap swa lakay moun k ap bay swen an swa lakay moun ki gen andikap la (yo)
 - Moun nan ki gen andikap yo ka oblije peye pou lojman ak manje si kay la se pou moun k ap bay swen an
 - Si moun k ap bay swen an ap viv lakay moun nan ki gen andikap yo :
 - Yo pap pran taks sou gratifikasyon an sèlman si moun k ap bay swen an ap peye lwaye
 - Moun k ap bay swen an dwe resevwa ase reminerasyon k ap egal a salè minimòm nan, avèk èdtan siplemantè plis pase 40 èdtan pa semèn (valè nenpòt lwaye gratis konte kòm peye ; plis pase 5 èdtan dòmi nèt ale pa konte kòm travay) – ou ka bezwen 3 adilt ki gen andikap pou kouvri depans yo

Adult Foster Care (AFC) (2)

- Provider receives a tax-free stipend from Medicaid for 50 weeks
 - About \$9,125/year for Level I care¹
 - About \$18,250/year for Level II care²
- If the **caregiver** qualifies for food stamps, the individual with a disability cannot also qualify for food stamps if the caregiver chooses not to count the individual as part of the caregiver's household
 - If the caregiver does not qualify for food stamps, the individual with a disability cannot receive food stamps.

¹ Needs at least prompts for one or more ADLs

² Needs physical assistance with three or more ADLs, or two ADLs plus a behavior

Swen fanmi dakèy pou adilt [Adult Foster Care (AFC)] (2)

- Moun k ap bay swen an ap resevwa yon gratifikasyon ki pap gen taks soti ladan l nan men Medicaid pandan 50 semèn
 - Apeprè 9.125 \$ pa ane pou swen Nivo I¹
 - Apeprè 18.250 \$ pa ane pou swen Nivo II²
- Si **moun k ap bay swen** an kalifye pou kupon alimentè, moun ki gen andikap la pa ka kalifye pou kupon alimentè si moun k ap bay swen an chwazi pou l pa konte moun l ap okipe a kòm yon manm fanmi moun k ap bay swen an
 - Si moun k ap bay swen an pa kalifye pou kupon alimentè, moun ki gen yon andikap la pa ka resevwa kupon alimentè.

¹ Moun k ap resevwa swen an bezwen èd pou l fè youn oswa plis nan aktivite nan lavi kotidyèn yo (an anglè ADLs)

² Moun k ap resevwa swen an bezwen asistans fizik pou l fè twa oswa plis nan aktivite nan lavi kotidyèn yo (an anglè ADLs), oswa de nan aktivite lavi kotidyèn yo plis yon konpòtman

Adult Family Care (AFC)

- Same as Adult Foster Care, but the caregiver is a family member who is not a legal guardian
 - Generally means a parent cannot be a caregiver until the individual is 18
 - Often at 18 one parent will become the guardian while another becomes the caregiver

Swen familyal pou adilt [Adult Family Care (AFC)]

- Menm ak Swen fanmi dakèy pou adilt, men moun k ap bay swen an se yon manm fanmi ki pa yon titè legal
 - An jeneral, sa vle di yon paran pa ka yon moun k ap bay swen pazavan moun k ap resevwa swen an pa gen 18 an
 - Souvan a 18 an yon paran ap vin titè a alòske yon lòt moun vin se moun k ap bay swen an

Personal Care Attendants (PCA)


- Cannot be combined with Adult Family Care or Group Adult Foster Care
- Must need physical assistance with 2 or more ADLs
- A PCA cannot be a legal guardian; for adults, a parent who is not a guardian can be a PCA
- PCAs may only work the number of hours approved by MassHealth
- PCAs make \$14.56/hour; it will go to \$15/hour in July 2018
- A waiver is needed for PCAs who work over 40 hours/week for all clients
- If you need less than 15 hours/week of assistance, it may be more cost effective to apply for Adult Foster Care; if you need 24/7 coverage, it may also be preferable to apply for Adult Foster Care, as PCA only covers specific tasks for short periods of time
 - For people who consistently need assistance throughout the night (i.e. with a breathing tube, or nighttime toileting due to a prostate condition), overnight PCA might be a possibility

www.autismhousingpathways.org

27

Asistan k ap bay swen pèsonèl (an anglè PCA)

- Pa ka konbine avèk Swen fanmiyal pou adilt oswa Swen fanmi dakèy pou plizyè adilt
- Moun k ap resevwa swen an dwe bezwen asistans fizik pou l fè de oswa plis nan aktivite nan lavi kotidyèn yo
- Yon PCA pa kapab yon titè legal ; pou adilt, yon paran ki pa yon titè ka yon PCA
- PCA ka sèlman travay yon kantite èdtan MassHealth apwouve
- PCA yo fè 14,56 \$ pa èdtan ; li pral monte a 15 \$ pa èdtan an jiyè 2018
- Yon egzonerasyon nesèsè pou PCA yo k ap travay plis pase 40 èdtan / semèn pou tout kliyan
- Si w bezwen èd pou pi piti pase 15 èdtan pa semèn, li ka pi rantab pou w aplike pou Swen fanmi dakèy pou adilt ; si w bezwen èd 24 èdtan pa jou ak 7 jou pa semèn, li ka pi preferab tou pou w aplike pou Swen fanmi dakèy pou adilt, paske PCA sèlman fè kèk travay espesifik pou peryòd tan tou kout
 - Pou moun ki toujou bezwen èd pandan tout nwit la (sètadi ki gen yon tib respiratwa, oswa ki bezwen èd lè l ap pipi oswa pou pou akòz yon pwoblèm pwostat), yon PCA pou lannwit ta ka yon posibilite



Sous finansman yo :

Lòt "lojman a pri abòdab"

Other affordable housing

- Private affordable housing
 - Certain housing developers are required to offer affordable units due to tax credit deals or funding they received from MassHousing
 - Some units are reserved for clients of DDS and DMH
 - While cheaper than market rate, private affordable housing is generally not affordable to individuals living on SSI if the project is not participating in the project-based Sec. 8 program.
- State elderly housing
 - 13.5% of beds reserved for younger persons with disabilities
- MRVP and AHVP
 - These programs are similar to Sec.8, but run by the state. Frequently, the waiting lists are closed. More information is available at:
<http://www.mass.gov/hed/housing/rental-assistance/mrv.html> and
<http://www.mass.gov/hed/housing/rental-assistance/ahvp.html>

www.autismhousingpathways.org

29

Lòt lojman a pri abòdab

- Lojman prive a pri abòdab
 - Yo egzije sèten pwomotè imobilye pou yo ofri lojman a pri abòdab an fonksyon akò swa pou yo pa peye kèk taks oswa finansman yo te resevwa nan men MassHousing
 - Gen kèk apatman ki rezève pou kliyan DDS ak DMH yo
 - Malgre li pi bon mache pase pri kay yo sou mache a, lojman prive a pri abòdab jeneralman pa abòdab pou moun k ap resevwa lajan nan SSI si rezidans yo pa patisipe nan pwogram Sec. 8 ki pou yon lojman espesifik.
- Lojman pou moun aje nan eta a
 - 13,5% nan kabann yo rezève pou moun ki pi jèn ki gen andikap
- MRVP ak AHVP
 - Pwogram sa yo sanble ak Sec.8, men se eta a k ap jere yo. Souvan, lis datant yo fèmen. W ap jwenn plis enfòmasyon nan : <http://www.mass.gov/hed/housing/rental-assistance/mrv.html> ak <http://www.mass.gov/hed/housing/rental-assistance/ahvp.html>

Other affordable housing (2)

- Affordable assisted living
 - The Mass. assisted living statute applies to those 22 and up with a disability
 - Individual may be eligible for SSI-G, which pays more, but cannot be combined with Sec. 8
- Single room occupancy is run by Caritas Communities. Homes are located on mass transit, and rent is generally about \$145 per week. A supervisor may be present.
- AHP's Housing Opportunities Available page has links to affordable and subsidized housing search engines:

<http://autismhousingpathways.org/services/housing-opportunities/#AffordableHousing>

www.autismhousingpathways.org

30

Lòt lojman a pri abòdab (2)

- Rezidans a pri abòdab pou moun ki depandan
 - Lalwa sou rezidans pou moun ki depandan nan Massachusetts aplike a moun ki gen 22 an oswa plis yo ki gen yon andikap
 - Moun ka kalifye pou SSI-G, ki peye plis, men li pa ka konbine avèk Sec. 8
- Se Caritas Communities k ap jere lokasyon yon grenn chanm yo. Kay yo plase nan zòn transpò piblik, epi lwaye a jeneralman apeprè 145 \$ pa semèn. Yon sipèvizè ka prezan.
- Paj disponib Opòtinite pou lojman (Housing Opportunities) AHP a gen lyen k ap voye w sou sit entènèt k ap chache lojman a pri abòdab ak lojman ki jwenn sibvansyon :

<http://autismhousingpathways.org/services/housing-opportunities/#AffordableHousing>

Other affordable housing (3)

- Rest homes

- While rather institutional, for some it may be a viable alternative to homelessness
- Unlike a nursing home, there are no restrictions on coming and going
- The Somerville Home is open to individuals 50 and over who need assistance with one or more activities of daily living
- Individual retains \$72.80/mo of SSI or EAEDC⁴ check, turns the rest over to the rest home, and the balance of costs are paid by MassHealth.
- Private pay costs apply to those not on SSI or EAEDC.


www.autismhousingpathways.org

31

Lòt lojman a pri abòdab (3)

- Mezon pou repo

- Malgre yo konsidere yo kòm lojman enstitisyonèl, pou kèk moun se yon altènatif pratik pou sanzabri yo
- Kontrèman a yon mezon retrèt (nursing home), pa gen restriksyon pou rezidan an fè ale tounen
- Somerville Home nan disponib pou moun ki 50 an ak pi gran ki bezwen èd pou yo fè youn oswa plis nan aktivite nan lavi kotidyèn yo.
- Moun nan kenbe 72,80 \$ pa mwa nan chèk SSI oswa EAEDC⁴ li a, bay mezon pou repo a rès la, epi MassHealth peye balans depans yo.
- Yo aplike depans pou salè prive pou moun ki pap touche chèk SSI oswa EAEDC.



Sous finansman yo :

Èd nan domèn enèji / sèvis piblik (elektrisite, gaz, elatriye)

Se pou DDS³ y ap peye an dènye

Energy/utility assistance

- Low Income Home Energy Assistance Program (LIHEAP)
 - Only if heat is not included in rent
 - LIHEAP payment goes directly to heating company (up to a cap set annually)
 - OR rent is more than 30% of income (an option before Section 8 kicks in)
 - LIHEAP pays portion of rent (up to 30%/month up to a cap set annually)
- Citizen's Energy (Call JOE-4-OIL) and Distrigas heat assistance
 - After exhaust LIHEAP for the year
 - Voucher for one delivery of 100 gallons of home heating oil or \$150 natural gas credit
- Weatherization Assistance Program
 - Free weatherization for recipients of SSI or of LIHEAP
- Gas and electric subsidies⁴
 - 20%-40% discount
- Telephone subsidies⁵
 - A discount on local landline calls OR
 - Free cell phone with set number of minutes per month

^{4 and 5} Bill must be in name of SSI recipient.


www.autismhousingpathways.org

33

Èd nan domèn enèji / sèvis piblik (elektrisite, gaz, elatriye)

- Pwogram èd pou enèji lakay pou moun ki gen revni ba [Low Income Home Energy Assistance Program (LIHEAP)]
 - Sèlman si chofaj la pa enkli nan lwaye a
 - Peyman LIHEAP la ale dirèkteman nan konpayi chofaj la (jiska yon limit yo fikse chak ane)
 - OSWA si lwaye a plis pase 30% revni an (yon opsyon anvan Section 8 antre an vigè)
 - LIHEAP ap peye yon pòsyon nan lwaye a (jiska 30% pa mwa jiska yon limit yo fikse chak ane)
- Citizen's Energy (Rele JOE-4-OIL) ak èd pou chofaj Distrigas la
 - Apre w fin itilize resous LIHEAP la pou ane a
 - Bon pou yon livrezon 100 galon lwil chofaj kay oswa yon kredi 150 \$ pou gaz natirèl
- Pwogram èd pou pwoteksyon kont entanperi
 - Pwoteksyon gratis kont entanperi pou moun k ap resevwa SSI oswa LIHEAP yo
- Sibvansyon pou gaz ak elektrisite⁴
 - rabè 20% -40%
- Sibvansyon pou telefòn⁵
 - Yon rabè sou apèl lokal nan telefòn fiks OSWA
 - Telefòn selilè gratis ak yon kantite minit yo fikse pa mwa

^{4 ak 5} Bòdwo a dwe sou non moun k ap resevwa SSI la.



Sous finansman yo :

Koupon alimantè [Food stamps (SNAP oswa Bay State CAP)]

Food stamps

- Two kinds of food stamp programs:
 - SNAP (Supplemental Nutrition Assistance Program)
 - Pays \$200, less 30% net income (usually about \$100/month)
 - Bay State CAP (Combined Application Project)
